

# » Lave Men w!

Si w ap manyen manje, ou **dwe** lave men w souvan!

Lave men se pi bon fason pou evite enfeksyon simaye.

## Poukisa?

- Men w ka parèt pwòp, men yo ka gen mikwòb
- Lave men w anpeche oumenm ak kliyan yo malad
- **Se la lwa!**

## Itilize yon nouvo gan!

- Chak fwa ou lave men w
- Lè gan an chire oubyen sal



## Ki lè?

- Lè w rive nan travay
- Lè w soti nan twalèt
- Lè w fin fimen
- Lè w fin estènen
- Lè w fin touche cheve w, figi w ak rad ou
- Lè w fin manje oubyen bwè
- Lè w fin retire oubyen mete yon lòt gan
- Lè w fin manyen manje, espesyalman manje ki pare pou manje tankou salad ak sandwich
- Lè w fin manyen fatra
- Lè w fin manyen bagay ki sal, veso, oubyen ekipman kizin
- Lè w fin manyen vyan ki kri, bèt volay, oubyen pwason
- Chak fwa ou pral fè yon lòt travay (soti nan youn al nan lòt)

## Kòman?



**1**

**Mouye** men w ak dlo tyèd

**Savonen** l ak savon



**2**


**Foubi** fant dwèt ou, do men w, ak anba zong ou

**Lave** pou pi piti 10-15 segond, se tan la p pran pou chante "Bòn Fèt"



**3**

**Seche** men w ak yon sèvyèt paye ou ka itilize yon sèl fwa oubyen sechwa elektrik



**4**

**Itlize** yon sèvyèt papyè pou fèmen dlo a



Depatman Sante Eta Rhode Island, Sant pou Pwoteksyon Manje  
Pou plis enfòmasyon rele (401) 222-2750

ADAPTED FROM THE  
MASSACHUSETTS  
DEPARTMENT OF HEALTH

ME 2017